

# Yon Apèsi Rapid sou Medicare



DEPARTMENT OF HEALTH & HUMAN SERVICES - USA

## Kisa Medicare ye?

Medicare se yon asirans sante pou:

- Moun ki gen 65 an oswa ki pi gran
- Sèten moun ki poko gen 65 an ki gen andikap
- Moun nenpòt laj ki gen Maladi Renal nan Faz Final (ESRD)  
(ensifizans renal pèmanan ki nesesite dyaliz oswa yon grèf ren)

## Medicare gen diferan pati, kisa yo ye?

### Part A (Asirans Lopital) ede kouvri:

- Swen pou pasyan ki entène lopital
- Swen nan etablisman ki bay swen enfimye espesyalize
- Swen ospis
- Swen sante adomisil

### Part B (Asirans Medikal) ede kouvri:

- Sèvis doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante bay
- Swen pou pasyan ki pa entène
- Swen sante adomisil
- Ekipman medikal dirab (tankou chèz woulant, deyanbilatè, kabann lopital epi lòt ekipman)
- Anpil sèvis prevantif (tankou depistaj, piki oswa vaksen, ak vizit “Byennèt” anyèl)

### Part D (Kouvèti medikaman):

- Li kouvri pri medikaman ke yo preskri yo (ki gen ladan yo anpil piki oswa vaksen ke yo rekòmande)
- Plan ki ofri kouvèti medikaman Medicare yo, se konpayi asirans prive yo ki jerel pandan yap swiv règleman ke Medicare etabli yo

# Opsyon Medicare ou yo

Lè w premye jwenn nan Medicare epi pandan sèten peryòd nan ane a, ou ka chwazi kijan pou w jwenn kouvèti asirans Medicare. Genyen 2 fason pou w genyen Medicare:

## Original Medicare

- Original Medicare enkli Medicare Pati A (Asirans Lopital) ak Pati B (Asirans Medikal).
- Ou ka antre nan yon plan medikaman Medicare apa pou jwenn kouvèti asirans medikaman Medicare (Pati D).
- Ou ka itilize nenpòt ki doktè oswa lopital ki pran Medicare, nenpòt kote nan peyi Etazini.
- Pou ede w peye depans ki fèt ak kòb ki soti nan pòch ou nan Original Medicare (tankou 20% ko-asirans ou), ou kapab achte egalman yon Asirans Siplementè Medicare (Medigap).

Pati A



Pati B



Ou ka ajoute:

Pati D



Ou ka ajoute tou:

Kouvèti asirans  
siplementè



Sa gen ladan Asirans konplemantè Medicare (Medigap). Oswa, ou ka itilize kouvèti asirans ki soti kay yon ansyen patwon oswa sendika, oswa Medicaid.

## Medicare Advantage

(ki rekonèt tou antanke Pati C)

- Yon Plan Medicare Advantage se yon plan Medicare apwouve nan yon konpayi prive ki ofri yon altènativ pou Original Medicare pou sante ak kouvèti medikaman ou. Plan sa yo se yon "pake" ki genyen ladan I Pati A, Pati B, epi dabitid Pati D tou.
- Nan pifò ka yo, w ap bezwen itilize doktè ki nan rezo plan an.
- Plan yo ka koute mwens kòb pòch pase Original Medicare.
- Plan yo ka ofri kèk avantaj siplementè ke Original Medicare pa kouvri— tankou sèvis pou swen vizyon, sèvis pou swen oditif ak sèvis pou swen dantè.

Pati A



Pati B



Majorite plan yo enkli:

Pati D



Kèk avantaj siplementè

Kèk plan enkli tou:

Mwens depans ki peye ak  
kòb pòch

## Jwenn èd ou bezwen an



**Ale sou sitwèb Medicare.gov pou jwenn**  
enfòmasyon detaye sou plan sante Medicare la ak  
plan medikaman yo nan zòn ou an, jwenn founisè  
swen sante kap patisipe yo ak lòt founisè, jwenn bon  
jan kalite enfòmasyon sou swen, ak plis ankò.

**Rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**  
pou jwenn enfòmasyon sou Medicare ak nimewo  
telefòn enpòtan yo. Si ou bezwen èd gratis nan yon  
lang ki pa lang Anglè ni Panyòl, di “Agent [AJAN]”  
pou pale avèk yon reprezantan sèvis kliyan. Moun  
ki itilize sistèm TTY dwe rele 1-877-486-2048.

**Gade nan Tiliiv “Oumenm ak Medicare (Medicare & You)”** pou konnen ki nouvo enfòmasyon ki  
genyen, pou jwenn pri pou benefis Medicare ou yo,  
e pou jwenn enfòmasyon sou sa Medicare kouvri.

**Kontakte biwo lokal Pwogram Asistans pou  
Asirans Sante Leta (State Health Insurance  
Assistance Program: SHIP)** pou jwenn konsev  
pèsonalize gratis sou pwoteksyon Medicare, sou  
reklamasyon, kontestasyon, ak èd pou moun ki gen  
revni ak resous limite. Ale nan sit shiptacenter.org,  
oswa rele nan 1-800-MEDICARE pou ka jwenn  
nimewo telefòn nan pou biwo lokal SHIP la.

**Ale nan Lokalizatè Eldercare la ki nan**  
[eldercare.acl.gov](http://eldercare.acl.gov) pou jwenn resous lokal, pou tcheke  
benefis yo, epi planifye pou swen alontèm.

Ou gen dwa pou w resevwa enfòmasyon sou  
Medicare nan yon fòma ki aksesib, tankou an  
gwo karaktè, an Bray, oswa sou fòm odyo. Se dwa w tou pou w depoze yon plent si w  
santi yo te fè diskriminasyon kont ou. Ale sou Medicare.gov/about-us/accessibility-  
nondiscrimination-notice, oswa rele nan 1-800-MEDICARE (1-800-633-4227) pou w  
jwenn plis enfòmasyon. Moun k ap itilize sistèm TTY yo mèt rele nan 1-877-486-2048.

Pwodui sa a fèt sou kont kontribiyab Etazini.



CMS Product No. 11514-HC (Haitian)  
Revised July 2021